

**Men Ki Jan Li Ijan pou Patisipe nan Pikèt-layn 7 dawout 2008 la !**

# **Solidarite Ayisyen-Dominiken Kont Depòtasyon**

Chak ane se pa milye Dominikani rannmase travayè ayisyen e 'pimpe' yo ann Ayiti. An 2005 you bann 'chimè isterik' boule kay yo e touye plizyè douzèn ayisyen. Jodi a, direktè imigrasyon dominiken an, Carlos Amarante Baret, deklare dominikan pa ka tolere presans iimigran ayisyen yo ankò, e Prezidan dominiken an, Leonel Fernandez, fèt pou mete dosye sa a an premye lan ajennda pwogram nasyonal li, apre li fin prete sèman pou 3èm tèm li, jou k ap 16 dawout k ap vini an. Deklarasyon sa a chaje ak menas pou you mas depòtasyon ayisyen 'agrandlijyèn', pidevan.

Antretan, lidè lan gouvènman an ap voye monte you politik 'zenofobi' yo ka transfòme rapidman an plizyè masak sanglan. Pa twò lontan apre deklarasyon Amarante a, gwoup zenglendo mete dife lan "kounouk" travayè agrikòl ayisyen nan Azua, apati rimè sou you Ayisyen ki ta tire you koutzam...

Òganizasyon Ayisyen-Dominiken lan Nouyòk mete lamenfòt pou proteste kont Dominikani k ap ekspilse e mete Ayisyen deyo. Òganizasyon yo ap mande solidarite ant travayè Ayisyen ak travayè Dominiken pou kwape atak rasis sa yo sou ayisyen lan republik dominikani. Chak moun lan republik dominikani ousnon Ozetazini dwe genyen menm dwa egal-ego ak tout moun.

Kontrèman ak sa lidè lan gouvènman dominiken an pretann, gen you gwo majorite ayisyen lan pamì milyon moun ki desandan Ayisyen e k ap viv an dominikani ki la depi pase twa dekad. Anpil ladan yo se esklav-travayè yo te brote pou travay lan chan kann. Jodi a, plizyè sekètè lan ekonomi peyi dominikani, konstriksyon endistri a se youn lan sekètè sa yo, depann e konte sou fòs travay ayisyen. Malgre sa, ayisyen anba gwo menas depòtasyon masif.

Dapre Lwa 2004 Imigrasyon Dominikani a, yo derefize bay timoun ki fèt lan peyi a kat sitwayènto yo, e yo menm refize yo antre lekòl, lè paran yo pa ka montre papye legal pa yo. Gen you "sikilè" ofisyel ki defann ofisyèl gouvènman an delivre sètifikasi nesans bay timoun paran yo pa ka prezante papye residans legal yo. Dekrè sa a, yo aplike l ak plis fòs, sèlman kont ayisyen... Dominiken ki proteste kont lwa sa a, ka sijè kidnapin ousnon ka sou menas llanmò, yo ka pase yo 'alenfinitif'.

Biznismann Aiyisyen kou Dominiken fè milyon ven sou do travayè ayisyen tankou sou do travayè dominiken, lan ekspligate fòs travay yo pou patat. E lè le 9 Avril ki sot pase a pri gazolin ak pri manje monte disèt wotè, travayè dominiken pran lari pou yo, yo antre an grèv pou ekzije ogmantasyon salè yo, e yo mande bon jan lwa refòm agrè. Lan menm tan an, ann Ayiti, mobilizasyon kont 'grangou klowòks' anvayi peyi a, men « fòs lapè » MINISTA/LONI an te la, e yo louvri zam sou moun lan manifestasyon yo k ap pwoteste...

Ofisyèl Dominiken yo ap ajite kesyon rasyal la lan figi travayè ayisyen pou yo maske povrete travayè dominiken an, menm jan Ozetazini yo akize imigran yo deske yo ap 'vòlò' « jòb Ameriken ». Zafè lage fot la sou do lòt gwoup travayè fèt ak entansyon pou divize klas travayè entènasyonal la.

Ozetazini, fòs polis Sèvis Immigrason ak Dròg deja depòte ak gwo ponyèt yo, pase you dizèn milye travayè orijinè amerik-latin, mwayan-noryan ak lazi, e lan anpil ka, yo separe timoun yo de paran yo, nenpòt ki jan. Kat san mil Ayisyen (400,000) ak sis san mil Dominiken (600,000) k ap viv lan Nouyòk Siti ka konprann laperèz, lafreyè ki ap anvayi Ayisyen k ap viv lan Republik Dominikani e ki ap fè faskare chak jou ak pèsekisyon lan Dominiken.

Nou rele tout defansè 'dwa imigran' pou jwenn ak nou Jedi 07 Dawout pou:

- **Mande Republik Dominiken sispann ekspilsyon Travayè Ayisyen yo**
- **Defann Ayisyen kont vyolans ak pèsekisyon**
- **Rele ABA Lwa Anti-Ayisyen Imigrasyon Dominiken**
- **Defann 'dwa vot' tout moun lan Republik Dominiken!**
- **Rele ABA Tantativ pou Defranchise Dominiken ki gen orijin Ayisyen!**

**Inisyativ Solidarite Ayisyen-Dominiken Kont Depòtasyon**

Pou plis enfomasyon rele : (646) 233-7775

Andosman: Centro Cultural Orlando Martinez (NY); Comité de Homenaje a los Heroes y Heroínas de la Patria; Grassroots Haiti (NY); Fr. Luis Barrios (St. Mary's Episcopal Church); Haitian Cultural Group Granchimen (Brooklyn); Fuerza de la Revolución; Grupo Acción Patriótica (GAP); Internationalist Group; "Lakou Nouyok" (Haitian radio show, Brooklyn); League for the Revolutionary Party; Mirabal Sisters Cultural and Community Center (NY); Osiris Mosque; Movimiento por la Construcción. del Partido Socialista Dominicano (MCP-PSD); Movimiento Independencia, Unidad y Cambio (MIUCA); Movimiento Pro Patria (MOPA); N. Padina; Progressive Haitian Committee (KAP) (Boston); Voluntariado Político Ciudadano.

**PIKÈT-LAYN ANN IJANS, JEDI 07 DAWOUT 2008, 5 pou 7 PM**

**Devan Konsila Dominiken, 1501 Broadway (Times Square)  
(ant 43èm ak 44èm Ri lan Manhattan)**

**(Nou ka pran tren #2, #3.N, R, D, W desann Times Square) (tren A, C, E, #7 desann 42èm Ri)**

Koutwazi sendikal